

## REGLEMAN DISTRI LEKÒL REJYON PALM BEACH, FLORID

TIT 6Gx50  
Chapit 5. Pou Elèv  
Seksyon 5.002**5.002 Entèdiksyon kont Entimidasyon ak Asèlman**

1. **Objektif.** Objektif ki pi enpòtan komite dirijan distri lekòl la se garanti yon anviwònman ki ofri sekirite, koutwazi ak respè pou tout elèv ak anplwaye li yo. Tankou tout lòt konpòtman vyolan oswa twoublan, entimidasyon oswa asèlman se konduit ki anpeche alafwa ni elèv la aprann ni lekòl la fonksyone nòmalman pou anseye elèv li yo nan yon anviwònman ki ansekirite. Li enpòtan pou chanje klima sosyal lekòl yo ansanm ak nòm sosyal yo konsènan entimidasyon ak asèlman. Sa mande efò tout moun k ap travay nan anviwònman lekòl la – pwofesè, administratè, konseye, lòt anplwaye ki pa p anseye yo, paran oswa responsab legal yo epi elèv yo. Objektif lwa sa a se pou ede distri lekòl la nan plan prevansyon ak reyaksyon li genyen kont tout zak entimidasyon ak asèlman, epi pou mete li an konfòmite ak seksyon 1006.147 lwa Jeffrey Johnston pou defann dwa tout elèv (Stand Up for All Students Acts), ansanm ak Règleman lwa Eta Florid yo.
2. **Aplikabilite jeneral lwa a.** Lwa sa a pa sèlman aplike pou elèv oswa anplwaye lekòl ki enplike dirèkteman nan aksyon entimidasyon oswa asèlman, men li aplike tou pou lòt elèv oswa lòt anplwaye lekòl ki, endirèkteman nan konpòtman yo, tolere oswa ankouraje zak entimidasyon ak asèlman lòt elèv oswa lòt anplwaye ap komèt. Move itilizasyon teknoloji tankou, men ki pa limite ak sa sèlman, takinen, entimide, fè difamasyon, menase, oswa teworize lòt elèv, pwofesè, administratè, volontè, oswa lòt anplwaye distri lekòl la nan voye oswa poste mesaj elektwonik, mesaj enstantane, tèks mesaj, foto oswa imaj dijital, oswa postaj nan sit entènèt, ki gen ladan l blòg, kapab konstitye tou yon aksyon entimidasyon oswa asèlman, ke aksyon sa a te fèt sou pwopriyete distri lekòl la, ke l te fèt andeyò lekòl la avèk ou san itilizasyon resous distri lekòl la. Lwa sa a aplike pou tout elèv oswa anplwaye kote konpòtman li, kèlkeswa lè a oswa kote l ye, konstitye entimidasyon oswa asèlman ki entèfere ak oswa bloke misyon oswa operasyon distri lekòl la oswa sekirite oswa byenèt elèv la, lòt elèv yo, oswa anplwaye yo.
3. **Deklarasyon lwa.** Distri lekòl la entèdi tout fòm entimidasyon ak asèlman yon elèv oswa yon gwoup elèv, yon volontè oswa vizitè nan lekòl oswa yon anplwaye lekòl kab fè kont tout sòt elèv oswa gwoup elèv. Yo entèdi fòmèlman entimidasyon ak asèlman sou pwopriyete distri lekòl la oswa nan fonksyon ki gen rapò ak lekòl.
  - a. Li pa pèmi pou pwofesè, administratè, volontè oswa lòt anplwaye lekòl favorize oswa tolere entimidasyon ak asèlman.
  - b. Pèmision aparant oswa konsantman yon elèv pou yo entimide l oswa asele l pa redui entèdiksyon ki genyen nan lwa sa a.
  - c. Yo entèdi reprezay oswa vanjans kont yon viktim, yon rapòtè oswa temwen yon entimidasyon oswa asèlman.
  - d. Yo entèdi fos akizasyon oswa fo rapò sou entimidasyon oswa asèlman kont yon lòt elèv.
  - e. Yon moun ki angaje nan aksyon entimide, reprezay, oswa fè fo rapò entimidasyon ak asèlman, oswa ki pèmèt, favorize oswa tolere entimidasyon ak asèlman ap tonbe anba disiplin pou aksyon sa a, annakò ak lwa komite lekòl la.
  - f. Distri lekòl la ap pran aksyon pou envestige tout konplent pou entimidasyon oswa asèlman epi l ap disipline oswa pran aksyon ki apwopriye kont nenpòt elèv, pwofesè, administratè, volontè, oswa lòt anplwaye distri lekòl la yo jwenn ki vyole lwa sa a.

- g. Pote plent oswa bay yon rapò ki sensè sou entimidasyon oswa asèlman p ap afekte travay moun ki bay rapò a alavni ni mwayèn li oswa travay y ap bali pou l fè, oswa anviwònman edikatif oswa anviwònman travay li.

#### 4. **Definisyon.**

- a. *Entimidasyon* vle di fè sistematikman ak konstaman yonn oswa plizyè elèv oswa anplwaye lekòl mal fizikman oswa sikolojikman. Li defini pi lwen tankou lè yon granmoun oswa yon elèv gen yon konpòtman ou pa vle l ap plede repete nan bouch oswa alekri kote l ap ensilte w, fè w menas, fè jès ki dezimanize w ki grav oswa konvenkan ase pou kreye yon anviwònman edikatif entimidan, ostil oswa ofansif; ki koze malèz oswa imilyasyon; oswa ki entèfere yon fason irezonab ak pèfòmans lekòl oswa patisipasyon endividi a; epi ki kapab genyen ladan l men ki pa limite nan:
- i. Nuizans
  - ii. Eksklizyon sosyal
  - iii. Menas
  - iv. Entimidasyon
  - v. Suiv yon moun chak kote l fè
  - vi. Vyolans fizik
  - vii. vòl
  - viii. Asèlman etnik, seksyèl, relijye, oswa rasyal
  - ix. Imilyasyon piblik
  - x. Domaj oswa Destriksyon pwopriyete
  - xi. Fè yon elèv gen laperèz rezonab osijè danje poutèt li oswa pou pwopriyete l
  - xii. Sibèentimidasyon (Cyber bullying) tankou jan li defini la a.
  - xiii. Sibè-suiv yon moun chak kote l fè (pèsekisyon) tankou jan li defini la a.
- b. *Sibèentimidasyon* vle di izaj kominikasyon elektwonik oswa ekipman teknolojik, tankou men pa limite nan, mesaj elektwonik, mesaj enstantane, tèks mesaj, kominikasyon telefòn pòtab, blòg nan entènèt, sit elektwonik sosyal, (pa egzanp. MySpace, Facebook, elatriye.), jagon entènèt (internet chat rooms), afichaj nan entènèt, foto oswa imaj dijital, ak sit entènèt difamatwa pou angaje nan aksyon entimidasyon oswa asèlman ke aksyon an te komèt sou oswa andeyò pwopriyete distri lekòl la epi avèk oswa san izaj resous distri lekòl la. Pou konpòtman ki andeyò enstalasyon kanpis lekòl la, distri lekòl la ap reponn nan ka kote konduit andeyò enstalasyon kanpis la koze, oswa menase pou koze yon entèripsyon sibstansyèl nan lekòl la oswa entèfere ak dwa pou elèv yo an sekirite. Komite egzekitif lekòl la rekonèt sibèentimidasyon kapab devastan pou jèn moun paske:
- i. Souvan sibèentimidasyon pase andeyò enstalasyon kanpis lekòl la, men se nan lekòl la yo santi enpak danjere a.
  - ii. Sibèentimidasyon pèmèt fasilman pou yon endividi kache deyè anonimite entènèt ak lòt ekipman teknolojik bay;
  - iii. Sibèentimidasyon bay yon mwayen pou kriminèl yo gaye mesaj danjere ak blesan yo devan yon gran odyans ak yon vitès remakab;
  - iv. Sibèentimidasyon pa egzije pou yon endividi pran responsablite pou pwòp aksyon l yo, kòm li toujou trè difisil pou idantifye sibèentimidan yo akòz maskaj yo, konsa yo pa pè y ap jwenn pèn pou aksyon yo; epi

- v. Tan refleksyon ki, yon fwa, te egziste ant planifye yon pyèj - oswa yon trik serye – epi egzekisyon li, efase lè gen aktivite sibèentimidasyon
- c. *Sibè-suivmoun* chak kote l fè vle di angaje nan yon konpòtman pou kominike oswa pou pèmèt yo kominike ak, pawòl, imaj, oswa langaj ak oswa atravè izaj kourye elektwonik oswa kominikasyon elektwonik, adrese ak yon moun espesifik, ki koze moun sa a detrès emosyonèl sibstansyèl epi ki pa sèvi yon objektif lejitim menm jan li defini nan seksyon 784.048(1) (d), F.S., jan li amande kounye a oswa apre.
- d. *Asèlman* vle di nenpòt menas, jès insiltan oswa degradan, izaj enfòmasyon oswa lojisye (pwogram enfòmatic), oswa konpòtman ekri, vèbal oswa fizik kont yon elèv oswa yon anplwaye lekòl ki
  - i. Mete yon anplwaye lekòl oswa yon elèv anba yon perèz danje ki rezonab pou limenm oswa domaj pou pwopriyete l;
  - ii. Gen yon efè ki entèfere yon fason sibstansyèl ak pèfòmans edikatif, opòtinite, oswa ak benefis yon elèv;
  - iii. Gen yon efè pou deranje yon fason sibstansyèl lòd operasyon lekòl la; oswa
  - iv. Reprézante sibèentimidasyon menm jan li defini la a.
- e. Entimidasyon ak asèlman anglobe tou
  - i. Nenpòt aksyon vanjans yon elèv oswa anplwaye lekòl kont yon lòt elèv oswa anplwaye ki akize, afime, oswa rapòte yon vyolasyon lwa sa a oswa patisipe nan investigasyon pou plent kont yon entimidasyon oswa asèlman. Rapòte yon aksyon entimidasyon oswa asèlman ki pa fèt ak senterite konsidere tankou yon vanjans.
  - ii. Kontinyasyon yon konpòtman ki anrejistre nan definisyon entimidasyon oswa asèlman yon endividi oswa yon gwoup ak entansyon pou avili, degrade, anbarase, oswa koze yon elèv oswa anplwaye lekòl danje emosyonèl oswa fizik nan:
    - A. Pouse poufè oswa kontrenn pou fè ;
    - B. Aksede oswa pèmèt ak konesans epi ak volonte oswa bay aksè pou enfòmasyon oswa lojisye (pwogram enfòmatic) atravè yon òdinatè, sistèm òdinatè, oswa rezo òdinatè nan sistèm distri lekòl la;
    - C. Aji nan yon manyè ki gen yon efè ki sibstansyèlman sanblab ak efè entimidasyon oswa asèlman;
    - D. Sibè-suiv moun chak kote l fè jan sa defini la a; oswa
    - E. Brimad jan sa defini nan seksyon 1006.135, lwa Florid, nan fason li amande la a oswa apre.
  - iii. Danje ou pa renmen pou yon elèv akòz karaktè aktyèl oswa karaktè ou apèsi oswa karakteristik, ki gen ladan l men ki pa limite nan, laj, koulè, kwayans, orijin nasyonan, ras, relijyon, estati marital, sèks, oryantasyon seksyèl, ekspresyon jan ak/oswa idantite, atribi fizik, abilite fizik, mantal, oswa edikatif oswa andikap, lyen ansestral, bakgrawond sosyo-ekonomik, kwayans politik, preferans lengwistik, oswa estati famiyal.
- f. Ki vle *imedyatman* di osito li rezonableman posib men pa pita pase 24 èdtan oswa nan jou lekòl ki vini apre a.

- g. Sou pwopriyete distri lekòl la oswa nan fonksyon ki gen rapò ak lekòl vle di tout batiman distri lekòl yo, lakou lekòl yo, epi pwopriyete lekòl yo ak pwopriyete ki kole ak lakou lekòl yo, estasyon otobis lekòl yo, otobis lekòl yo, veyikil lekòl yo, veyikil yo ki gen kontra ak lekòl, oswa nenpòt lòt veyikil ki apwouve pou objektif distri lekòl la, zòn antrans oswa depa sou lakou lekòl la, oswa evènman, epi tout fonksyon ki gen rapò ak lekòl, aktivite lekòl sponzorize, evènman oswa vwayaj. Pwopriyete distri lekòl la kab vle di tou wout yon elèv mache pou l ale oswa retounen nan objektif pou ale lekòl oswa nan fonksyon, aktivite oswa evènman ki gen rapò ak lekòl. Pandan entimidasyon ak asèlman se bagay ki entèdi nan lokal oswa evènman sa yo, distri lekòl la pa di l ap bay sipèvizyon oswa rann tèt li responsab pou ensidan ki rive nan lokalite ak evènman sa yo.

**5. Jan yo espere w konpòte w sou pwopriyete lekòl la oswa nan fonksyon ki gen rapò ak lekòl la.**

Distri lekòl la vle elèv yo konpòte yo nan fason pou kenbe nivo devlopman yo, matirite, epi kapasite yo demontre nan respè pou dwa ak byenèt lòt elèv ak anplwaye lekòl la, objektif ki souliye tout aktivite lekòl yo, epi swen lokal ak ekipman lekòl la. Kòm yon adisyon, y ap kondui tèt yo nan yon manyè pwofesyonèl ak sipèvizè yo, kòlèg yo, epi elèv yo, administratè lekòl yo pwofesè yo, anplwaye yo, ak volontè yo ap trete lòt yo ak sivilite epi respè, epi y ap refize tolere entimidasyon ak asèlman. Distri lekòl la detèmine sou kèlkilanswa fòm lan, pasif oswa aktif, entimidasyon ak asèlman nenpòt elèv oswa anplwaye lekòl se yon bagay ki entèdi:

- a. Pandan nenpòt pwogram ki gen rapò ak lekòl, fonksyon oswa aktivite distri lekòl la ap fè;
- b. Pandan nenpòt pwogram ki gen rapò ak lekòl oswa pwogram, fonksyon oswa aktivite lekòl la sipòte;
- c. Pandan ou sou pwopriyete distri lekòl la jan lwa sa a defini l la; oswa
- d. Atravè izaj nenpòt aparèy elektwonik, òdinatè, oswa lojisyèl enfòmatrik ki bay aksè atravè yon òdinatè, sistem òdinatè, oswa rezo òdinatè distri lekòl la. Lokal fizik oswa lè aksè nan yon ensidan ki gen rapò ak òdinatè pa kab evoke kòm defans nan okenn aksyon disiplinè.

Komite lekòl la kwè estanda pou konpòtman elèv la dwe fikse kòporativman atravè entèaksyon nan mitan lòt elèv yo, paran yo, anplwaye ak manb kominote yo, pou l gen yon atmosfè ki ankouraje elèv yo pou yo grandi nan disiplin pèsonèl. Devlopman atmosfè sa a egzije respè pou tèt ou epi pou lòt yo, menm jan elèv yo, anplwaye lekòl yo ak manb kominote a ap fè pou pwopriyete distri lekòl la.

Tout administratè, anseyan, ak anplwaye, an kolaborasyon ak paran yo, elèv yo, epi manb kominote yo, ap enkòpore metòd sistemik pou rekonèt elèv ak anplwaye atravè reyanfòsman pozitif pou bon konpòtman yo, ki konfòme yo ak estanda rezonab konpòtman ki sosyalman akseptab, ki respekte moun, respekte pwopriyete moun, epi dwa lòt moun, ki obeyi otorite etabli, ki rann kont bay moun yo ki okipe pozisyon otorite yo, ki fè prèv disiplin pèsonèl, ki se bon sitwayènte, epi ki gen siksè akademik, jan li parèt nan plan egzijans lekòl la pou adrese kilti ak konpòtman pozitif lekòl la.

Yo ankouraje elèv pou sipòte lòt elèv ki rete lwen aksyon entimidasyon ak asèlman lè yo wè yo, ki fè efò konstrikatif pou anpeche yo, epi ki rapòte aksyon konsa devan direktè lekòl la oswa reprezantan li.

Yo egzije elèv yo pou konfòme yo ak estanda rezonab konpòtman ki sosyalman akseptab: respè pou lòt moun, respè pou pwopriyete ak dwa lòt yo; obeyi otorite ki plase; epi reponn ak estaf edikatif, sipò, epi administratif la.

**6. Konsekans pou konpòtman ki entèdi, fo rapò epi reprezay oswa vanjans.**

- a. *Aksyon entimidasyon oswa asèlman.* Pou konkli si yon aksyon patikilye oswa yon ensidan konstitye yon vyolasyon lwa sa a, sa egzije yon detèminasyon ki baze sou reyalite ak sikonstans ki anviwone l yo. Kontwòl fizik oswa lè aksè pou yon ensidan ki gen rapò ak

òdinatè pa kab souve kòm yon defans kont okenn aksyon disiplinè. Pou yon aksyon entimidasyon oswa asèlman yon moun komèt, konsekans apre yo ap aplikab:

- i. Konsekans ak aksyon redrèsman apwopriye pou elèv ki komèt aksyon entimidasyon oswa asèlman kapab klase kòmanse depi nan entèvansyon pou konpòtman pozitif pou rive piwo, epi ki gen ladan l sispansyon oswa mete deyò, menm jan li rezime nan kòd konpòtman elèv la, jan lwa 5.18 jiska 5.1899 distri lekòl la bay li a.
  - ii. Konsekans ak aksyon redrèsman apwopriye pou yon anplwaye lekòl yo jwenn ki komèt yon aksyon entimidasyon oswa asèlman ap detèmine dapre lwa distri a ak akò aplikab gwoup negosyasyon kolektif la. Anplis, aksyon entimidasyon ekstrèm edikatè sètifye yo komèt kab abouti nan yon sanksyon kont sètifika edikatè eta a ba li a jan li detaye nan prensip konpòtman pwofesyonèl pwofesyon edikasyon nan Florid, Règ 6B-1006, F. A.C.
  - iii. Se direktè lekòl la, apre konsiderasyon nati, severite ak sikonstans aksyon an, ki gen ladan l rapò devan lapolis lekòl la, k ap detèmine konsekans ak aksyon redrèsman apwopriye pou yon vizitè oswa volontè yo jwenn ki komèt yon aksyon entimidasyon oswa asèlman.
- b. *Fo rapò.* Men konsekans pou yon elèv oswa anplwaye yo jwenn ki akize yon lòt fosman epi entansyonèlman pou yon aksyon entimidasyon oswa asèlman li pa komèt:
- i. Konsekans ak aksyon redrèsman apwopriye pou yon elèv yo jwenn ki akize yo lòt fosman epi entansyonèlman pou entimidasyon oswa asèlman li pa komèt kòmanse nan entèvansyon pou konpòtman pozitif pou rive nan epi ki gen ladan l sispansyon oswa mete deyò, jan li rezime nan kòd konpòtman pou elèv la.
  - ii. Konsekans ak aksyon redrèsman apwopriye pou yon anplwaye lekòl yo jwenn ki akize yon lòt fosman epi entansyonèlman pou entimidasyon oswa asèlman ap detèmine dapre lwa, pwosedi ak akò distri a.
  - iii. Se direktè lekòl la, apre konsiderasyon nati, severite, ak sikonstans aksyon an ki gen ladan l rapò ofisyèl polis apwopriye yo k ap detèmine konsekans ak aksyon ratrapaj apwopriye pou yon vizitè, oswa volontè yo jwenn ki te akize yon lòt fosman epi entansyonèlman pou entimidasyon oswa asèlman.
- c. *Reprezay oswa vanjans.* Se distri lekòl la k ap discipline epi pran aksyon apwopriye kont nenpòt elèv, pwofesè, administratè, volontè, oswa lòt anplwaye distri lekòl la ki vanje kont nenpòt moun ki fè yon rapò sensè kont yon swadizan entimidasyon ak asèlman oswa kont nenpòt moun ki temwaye, asiste, oswa patisipe nan yon reyinyon oswa chitatande ki gen rapò ak yon entimidasyon oswa asèlman konsa.
- i. Se direktè lekòl la oswa reprezantan li ki, apre konsiderasyon nati, severite, epi sikonstans aksyon an, k ap detèmine konsekans ak aksyon ratrapaj apwopriye kont yon elèv, pwofesè, administratè lekòl oswa volontè ki angaje nan reprezay oswa vanjans, dapre lwa ka a, lwa federal epi eta a, lwa distri lekòl la, epi nenpòt akò yo ki aplikab.
  - ii. Nenpòt elèv yo jwenn ki angaje nan reprezay oswa vanjans ki se vyolasyon lwa sa a, ap tonbe anba mezi sa yo epi ki gen ladan yo sispansyon oswa mete deyò.
  - iii. Nenpòt pwofesè lekòl oswa administratè lekòl yo jwenn ki angaje nan reprezay oswa vanjans ki se vyolasyon lwa sa a ap tonbe anba mezi sa yo ki rive jiska revokasyon.

- iv. Nenpòt volontè yo jwenn ki angaje nan reprezay oswa vanjans ki se vyolasyon lwa sa a, ap tonbe anba mezi yo ki rive jiska, epi ki gen ladan yo, eksklizyon sou lakou lekòl yo.

7. **Rapòte aksyon ki entèdi.** Nan chak lekòl, se direktè a oswa yon reprezantan l k ap responsab pou resevwa swadizan konplent pou vyolasyon lwa sa a.

- a. Nenpòt moun ki kwè li se yon viktim entimidasyon oswa asèlman, oswa nenpòt moun ki gen konesans oswa kwayans yon konpòtman ki konstitye entimidasyon oswa asèlman, ap rapòte swadizan aksyon yo imedyatman bay direktè lekòl la oswa reprezantan li.
- b. Tout anplwaye lekòl ki resevwa yon rapò, oswa obsève, oswa ki gen lòt konesans oswa kwayans yon konpòtman ki konstitye entimidasyon oswa asèlman, ap enfòmè direktè lekòl la oswa reprezantan li imedyatman.
- c. Direktè chak lekòl nan distri a ap etabli epi pibliye ak enpòtans bay elèv yo, anplwaye, volontè, vizitè, ak paran yo, kòman pou fè yon rapò sou entimidasyon epi kòman y ap pran desizyon sou rapò sa a.
- d. Yon elèv, paran, oswa responsab, volontè oswa vizitè, kapab rapòte yon entimidasyon oswa asèlman yon fason anonim, sou yon fòm konplent ki reprezantan, oswa anpèsòn bay direktè a oswa reprezantan li. Sepandan, elèv la kab fè yon rapò pou entimidasyon oswa asèlman devan nenpòt anplwaye lekòl. Anplwaye lekòl la ap ede elèv la fè rapò a devan direktè a oswa reprezantan li.
  - i. Direktè lekòl la oswa reprezantan l ap imajine metòd anonim pou drese rapò yon elèv, paran, volontè oswa vizitè fè kont yon entimidasyon oswa asèlman. Fòma konsa kapab gen ladan yo teknik elektwonik, bwat mesaj, oswa telefòn pou rapòte, men fòma yo chwazi a dwe ofri sekirite ak entimite. Malgre elèv, paran, volontè oswa vizitè kab fè rapò anonim, aksyon disiplinè fòmèl kab pa baze sèlman sou baz yon rapò anonim. Pou aplike nenpòt aksyon disiplinè l ap nesese pou fè verifikasyon endepandan rapò anonim lan.
- e. Nenpòt rapò alekri oswa oral kont yon aksyon entimidasyon oswa asèlman, rapò aksyon konsa yo ap konsidere tankou yon metòd ofisyèl.

8. **Investigasyon konplent.**

- a. Investigasyon yon aksyon entimidasyon oswa asèlman diy pou l yon aktivite ki gen rapò ak lekòl epi ki kòmanse ak yon rapò aksyon an.
- b. Direktè a oswa reprezantan li ap kòmanse yon investigasyon rapid sou ensidan ki rapòte a, men yon investigasyon konsa ap kòmanse papita pase pwochen jou lekòl la. Moun k ap kòmanse investigasyon an pa dwe kriminel akize a oswa viktim lan. Ap gen dis (10) jou maksimòm kòm limit pou fè rapò inisyal ensidan yo epi konplete etap pwosedi investigasyon an.
- c. Y ap fè entèvyou dokimante pou viktim lan, swadizan kriminel la, ak temwen yo an prive, separe, epi l ap konfidansyèl. Y ap entèvyouye chak endividi (viktim lan, swadizan kriminel la, epi temwen yo) separeman epi yo pa dwe ditou entèvyouye swadizan kriminel la ansanm ak viktim lan.
- d. Pati k ap fè investigasyon an ap kolekte epi evalye faktè sa yo ki vinn apre a ki gen ladan yo men ki pa limite ak:
  - i. Deskripsyon ensidan yo ki gen ladan yo nati konpòtman an;
  - ii. Kontèks kote swadizan ensidan yo rive;

- iii. Chak kilè konpòtman an manifeste;
  - iv. Kèlkilanswa yo te ensidan pase oswa modèl konpòtman pase kontinyèl;
  - v. Relasyon ant pati ki angaje yo;
  - vi. Karakteristik pati ki angaje yo, pa egzanp. klas, laj elatriye.
  - vii. Idantite ak kantite endividi ki patisipe nan konpòtman entimidasyon oswa asèlman an;
  - viii. Kote swadizan ensidan yo rive;
  - ix. Kèlkilanswa konpòtman an gen efè kontrè ak edikasyon elèv la oswa anviwònman edikatif la;
  - x. Kèlkilanswa swadizan viktim lan te santi oswa te pèsevwa yon enbalans pouvwa kòm rezilta ensidan ki rapòte a; ak
  - xi. Dat, lè, epi metòd yo te kontakte paran oswa responsab tout pati angaje yo.
- e. Kèlkilanswa yon aksyon patikilye ensidan an konstitye yon vyolasyon lwa sa a ap egziye yon desizyon ki baze sou tout faktè yo epi sikonstans toutotou yo epi ki gen ladan l:
- i. Etap ratrapaj nesesè ki rekòmande pou estope entimidasyon ak/oswa konpòtman asèlman; epi
  - ii. Yon rapò final ekri pou direktè lekòl la.
- f. Direktè a oswa reprezantan li ap pran desizyon kèlkilanswa ou non aksyon entimidasyon oswa asèlman ki rapòte a tonbe nan limit distri lekòl la. Si sitiyasyon an ta tonbe posiblerman andeyò domèn distri lekòl la, direktè a oswa reprezantan li ap konsilte ak polis lekòl la pou detèmine si swadizan aksyon an ta dwe konsidere kòm yon aksyon kriminèl.
- i. Si li tonbe nan jiridiksyon polis lekòl la, y ap aplike disiplin lekòl la ak pwosedi rapò yo.
  - ii. Si swadizan aksyon an tonbe andeyò jiridiksyon distri lekòl la, polis lekòl la oswa direktè lekòl la ap kontakte epi refere ensidan an bay ajans polis lokal apwopriye a.
  - iii. Si ensidan an rive andeyò limit distri lekòl la epi yo detèmine li pa yon aksyon kriminèl, direktè lekòl la ap enfòmè paran yo oswa responsab tout elèv ki angaje yo.
- g. Si direktè lekòl la oswa reprezantan li angaje dirèkteman epi pèsonèlman ak yon konplent oswa li gen relasyon famiyal ak yon pati nan konplent la, lè sa a y ap mande sipèentandan zòn lan pou mennen investigasyon an.

## 9. **Notifikasyon pou paran oswa responsab.**

- a. San delè direktè a oswa reprezantan li ap fè paran oswa responsab yon elèv ki te viktim entimidasyon ak/oswa asèlman konnen, epi paran oswa responsab kriminèl pou aksyon entimidasyon ak/oswa asèlman an. Notifikasyon konsa dwe rive menm jou yo inisye investigasyon an epi li kab fèt nan telefòn, alekri, oswa nan konferans pèsonèl. Tout notifikasyon dwe konsistan ak dwa lavi prive elèv la anba pwovizyon aplikab dwa edikatif pou fanmi epi aksyon prive 1974 (FERPA).

- b. Si yo chaje kriminèl la pou krim nan ensidan an, direktè lekòl la oswa reprezantan li ap enfòmè patelefòn oswa alekri, paran oswa responsab viktim ki angaje nan seksyon 9532 Chwa Opsyon Ensekirite Lekòl (Pa Gen Timoun K ap Rete Deyè, tit IX, pati E, seksyon 9352 (No Child Left Behind, Title IX, Part E, Section 9532) ki declare "...yon elèv ki tonbe viktim yon ofans kriminèl vyolan, menm jan lwa eta a detèmine l la, pandan li nan oswa sou lakou yon lekòl primè elemantè piblik oswa yon lekòl segondè andedan lokal ajans edikatif la, ki gen ladan l yon lekòl semiprive, ap gen dwa pou l ale nan yon lekòl primè elemantè sekirize oswa yon lekòl segondè ki andadan lokal ajans edikatif la, ki gen ladan l yon lekòl semiprive."
- c. Frekans notifikasyon an ap depann de severite ensidan entimidasyon oswa asèlman an.

10. **Referal pou entèkansyon konsèy.** Lè yo sispèk gen entimidasyon oswa asèlman oswa lè yo rapòte yon entimidasyon oswa yon asèlman, y ap dispoze sèvis konsèy pou viktim la (yo), kriminèl la (yo), epi paran/responsab yo, suivan jan li apwopriye. Anplis aksyon disiplinè yo, direktè a ap ofri elèv ki entimide oswa asele lòt yo asistans, ki gen ladan l plan entèkansyon pou konpòtman oswa referal pou sèvis konsèy, jan sa apwopriye a.

- a. Pwofesè a oswa paran/responsab la kab mande yon konsiltasyon enfòmèl ak anplwaye lekòl la, pa egzanp. yon konseye akademik oswa yon sikològ lekòl, pou detèmine severite pwoblèm lan epi etap apwopriye pou adrese pwoblèm lan. Pwofesè a kab mande pou ajoute ladan l paran oswa responsab elèv ki angaje a.

11. **Piblikasyon, aprantisaj ak edikasyon.**

- a. Nan kòmansman chak ane lekòl, direktè a oswa reprezantan li ap enfòmè anplwaye lekòl la, paran/responsab, epi elèv yo lwa distri lekòl la ki entèdi entimidasyon oswa asèlman, efè entimidasyon epi lòt inisyativ aplikab pou anpeche konpòtman konsa.
- b. Referans lwa sa a ap nan kòd konpòtman elèv la, nan manyèl anplwaye ak elèv distri lekòl la, epi lòt mwayen jan sipèntandan detèmine l.
- c. Distri lekòl la kab enplimante pwogram ak lòt inisyativ pou anpeche entimidasyon ak asèlman, pou reponn ak entimidasyon epi asèlman nan yon fason ki pa stigmatize viktim lan, epi fè resous oswa referal pou resous ki disponib pou viktim entimidasyon ak asèlman.
- d. Sipèntandan an oswa reprezantan li ap fè machann yo oswa kontraktè yo konnen lwa sa a.
- e. Depatman sekirite lekòl la ap plase afich oswa lòt siy pou fè sonje lwa sa a pou ekspoze l sou lakou lekòl yo epi nan otobis lekòl yo.

12. **Pwoteksyon pou yon rapò sensè.** Nenpòt anplwaye, vizitè lekòl, volontè, elèv, paran, oswa responsab, oswa lòt moun ki rapòte rapidman ak senterite yon aksyon entimidasyon oswa asèlman bay ofisyèl lekòl apwopriye ki reprezantan pou lwa sa a epi ki fè rapò sa an konfòmite ak pwosedi ki etabli nan lwa a, ap pwoteje kont yon kòz aksyon pou domaj ki souleve nan rapò a oswa fayit ki ta mande domaj pou ensidan ki rapòte a.

13. **Rapòte entimidasyon ak asèlman.** Y ap rapòte ensidan sou entimidasyon oswa asèlman nan rapò enfòmasyon lekòl la ki konsène sekirite ak disiplin ki egzije anba seksyon 1006.09(6), lwa Florid. Direktè a oswa reprezantan li ap rapòte chak ensidan sou entimidasyon oswa asèlman, konsekans ki atache ak yo, ki gen ladan l disiplin ak referal, nan rapò sekirite ensidan anviwòmmantral (Safety Environmental Safety Incident Reporting (SESIR) tout eta a sou sekirite lekòl ak enfòmasyon sou disiplin. Rapò a dwe gen ladan l entimidasyon/asèlman kòm yon kòd ensidan, menm jan ak kòd eleman sitiyasyon yo ki gen "rapò ak entimidasyon" ki ranpli definisyon pou entimidasyon ansanm ak konpòtman ki akonpaye l la, pa egzanp "itilize lafòs kont yon moun", konpòtman ki gen "rapò ak entimidasyon" jan lwa eta a egzije l la.

14. **Rapò kontinyèl sou paran/responsab yo vize yo.** Apre yon investigasyon apwopriye, direktè yo oswa reprezantan yo ap di paran yo ki prekosyon yo pran pou pwoteje elèv la. Y ap reprezantan rapò kontinyèl yo baze sou siksè entèvansyon yo epi y ap kontinye nan yon manyè direktè a jije ki nesèsè. Notifikasyon an ap konsistan ak dwa prive elèv la anba pwovizyon dwa edikatif lafanmi ak Aksyon prive 1974 (FERPA) ki aplikab.
15. **Lavi prive ak konfidansyalite.**
- a. Jouk nan dènye limit, tout konplent ap trete kòm konfidansyèl epi an akò ak lwa Florid. § 1002.22(3) (d); dwa edikatif lafanmi epi aksyon prive ("FERPA"); epi nenpòt lòt lwa ki aplikab yo.
  - b. Ekspozisyon limite kab nesèsè pou konplete yon investigasyon anpwofondè jan li dekri anwo a. Obligasyon distri a pou investige epi pran aksyon korektif kab siplante dwa lavi prive yon endividi.
  - c. Idantite moun ki konplenn nan dwe pwoteje, men yo pa kab garanti konfidansyalite absoli.
16. **Sekirite konstitisyonèl.** Yo pa kab entèprete lwa sa a pou anpyete sou dwa premye amandman elèv yo (pa egzanp. entèdi yon echanj sivil epi rezonab opinion, oswa deba ki fèt nan lè ak plas apwopriye pandan jou lekòl epi lwa federal ak lwa eta a pwoteje).

OTORITE LEGAL: Fla. Stat. §§ 1001.41(2); 1001.42

LWA ANVIGÈ: Fla. Stat. §§ 1001.43, 1003.04, 1003.31, 1003.32, 1006.07, 1006.08, 1006.09, 1006.10, 1006.147, F. S.; 20 USC 1232g

DOSYE ISTORIK: 10/12/2008